



LONJE MEN AK KONPASYON

Lè nou swiv ekzanp konpasyon Sovè a, n ap wè nou ka fè yon diferans nan lavi lòt moun.

Konpasyon se lè nou konsyan de detrès lòt moun. Epitou lè nou gen yon dezi pou aleje oubyen soulaje l. Yon alyans pou swiv Sovè a se yon alyans konpasyon pou “pote chay youn lòt” (Mozya 18:8). Devwa pou veye sou lòt moun se yon opòtinite pou sèvi jan Senyè a t ap fè sa: ak “konpasyon, pou fè yon diferans” (<66> Jid 1:22/</66>). Senyè a te kòmande, “Se pou chak moun montre frè l pitye ak konpasyon” (Zakari 7:9).

Konpasyon Sovè a

Konpasyon se te fòs motè nan ministè Sovè a (gade ba ki a kote a: “Yon Sovè Ki Gen Konpasyon”). Konpasyon L pou pwochen L yo te lakòz Li lonje men bay moun ki bò kote l yo yon pakèt fwa. Li te kapab beni moun epi anseye yo nan yon fason ki te gen enpòtans pou yo paske L te kapab disènen bezwen ak dezi yo. Dezi Sovè a pou L leve nou pou simonte detrès nou te mennen zak konpasyon siprèm nan; Ekspyasyon L pou peche ak pou soufrans jan imen an.

Kapasite L pou L reponn ak bezwen pèp la se yon bagay nou tout ka lite pou li lè n ap rann sèvis. Lè nou viv ak lajistis epi koute chichotman Lespri yo, n ap enspire pou nou lonje men nou nan fason ki itil.

Alyans Konpasyon Nou

Papa nou ki nan Syèl la vle pou pitit Li yo gen Konpasyon (wè 1 Korentyen 12:25-27). Pou n vin vrè disip, nou dwe devlope epi montre konpasyon bay lòt moun, spesyalman pou moun ki nan bezwen (D&A 52:40).

Lè nou pran non Jezikri sou nou atravè alyans batèm nou an, nou temwaye ke nou vle ekzèse konpasyon. Prezidan Henry B Eyring, Dezyèm Konseye nan Premye Prezidans lan, te ansenye don Sentespri a ede nou fè sa: “Nou se yon manm alyans Legliz Jezikri a. . . .

“Se poutèt sa nou gen yon santiman ki fè nou anvi ede yon moun k ap lite pou l avanse anba yon chay doule ak difikilte. Nou te pwomèt pou nou ede Senyè a rann fado yo a pi lejè pou yo ka rekonfòte. Nou te resevwa pouvwa

pou nou ede soulaje fado sa yo lè nou te resevwa don Sentespri a.”¹

Pa ekzanp, yon sè nan Larisi te gen yon sitiyasyon familyal difisil ki te fè l pa ka asiste legliz pandan plis pase yon ane. Yon lòt sè nan branch lan te lonje men ba li ak konpasyon chak Dimanch lè l te rele l pou l te pale l konsènan diskou yo, leson yo, apèl misyonè yo, bebe ki te fèt, ak lòt nouvèl branch lan. Lè sitiyasyon fanmi sè sa a ki pa t ka kite kay la te rezoud, li te santi l toujou fè pati branch lan akòz apèl chak semèn zanmi l lan.

NÒT

1. Henry B. Eyring, “Konsolatè a,” *Lyawona*, Me 2015, 18.

KAT SIJESYON POU DEVOPE KONPASYON.

Menmsi konpasyon ogmante souvan lè nou fè fas ak pwòp advèsite nou, gen kèk bagay nou ka fè jodi a pou devlope konpasyon. Konsidere fason nou ta ka aplike kat prensip sa yo:

Priye pou li. Lè nou fè apèl bay Papa nou ki nan Syèl la, L ap ouvri kè nou, epi “n ap vin santi yon enkyetid sensè pou byennèt etènèl ak kontantman lòt moun” <113>Preche Levanjil Mwen An: Yon Gid Pou Sèvis Misyonè </113> [2004], 118; gade <114>Mowoni 7:48</114> tou.

Pratike l. Nou kapab montre konpasyon lè nou koute ak konprann. Mete tèt nou nan sitiyasyon pa yo epi konsidere kijan yo ta ka santi yo. Si sitiyasyon an ak tan an apwopriye, nou ta ka ofri pou

n ede yo soulaje lapèn, soufrans, oubyen detrès yo.

Swiv chichotman yo. Senyè a kapab revele ban nou fason nou kapab montre konpasyon nou ke nou te gendwa pa rann nou kont de sa poukont nou. Lè nou santi yon ti pouse nan men Lespri a pou ede lòt moun, pa ezite pou aji sou sa.

Vin yon zanmi pèsònèl. Montre konpasyon ka osi senp ke montre enterè sensè nan lavi moun. Aprann koute byen (gade “Prensip Sèvis: Senk Bagay Bon Ekoutè Fè,” <130>Lyawona,</130> Jen 2018, 6-9). Lanmou nou pou yo ap ogmante, epi l ap vin pi fasil pou rekonèt fason pou nou montre yo lanmou sa a.

YON SOVÈ KI GEN KONPASYON

Konsidere etidye kèk nan ekriti sa yo pou wè kijan konpasyon Jezikri te pouse L pou L geri, beni, epi ansenye moun ki te bò kote L pandan ministè L lan: Mayse 9:35-36; 14:14; 18:27,33; 20:30-34; Mak 1:40-42; 5:19; 6:30-42; 9:22; Lik 7:13; 10:33; 15:20.

Prensip sèvis yo te fèt pou ede nou aprann pran swen youn lòt—pa pou pataje antanke yon mesaj. Lè nou vin konnen moun n ap sèvi yo, Sentespri a ap fè nou konnen ki mesaj yo ka bezwen anplis swen ak konpasyon nou an.